Тхыгъэри сурэтри зейр **ХУЖЬОКЪУЭ Натальещ.**

СыщIэукIытэн си щIыбагъым къыдэзнакъым

● ДифI догъэлъапIэ

***Я щхьэ и унафэ ящIыжу дунейм тет лъэпкъхэм адыгэр къащIыкIэрыхур сыт? А упщIэр зымыгъэгъэрэ абы жэуап гуэр езымытрэ яхэт къыщIэкIынкъым лъэпкъ Iуэхур узыжь зыхуэхъуахэм. «Дэ дызыхэс адрей лъэпкъхэм нэхъыбэ дыпэхъ хуэныкъу, дынэхъ къэрабгъэ, хьэмэрэ еджа димыIэрэ? Хьэуэ. По атIэ, жылэ дызыхэсым яхуэмыдэу, ди Iуэхур нужь къыщIинэр? Ди псалъэ щIыпхымыкIыр?» - егъэув а упщIэ дыдэр 1912 гъэм къыдэкIа «Гъуаэ» газетым. Езымри жэуап иретыжу «Фыгъуэнэдыгъэу, зэгурымыIуагъэу тхэльращ». Мэхьэмэт Ехья ар Къунейтрэ щритхыкIар 1912 гъэрат, арщхьэкIэ Iуэхум нобэр къыздэсым зихъуэжау ф э теткъым.**

Къудамэ гъуахэр

БЕЙЦIЫКIУ Хьэзешэ илъэс 70 зэрырикъур ди газетым еджэхэм яжеIэну гукъыдэж щIэдгъэтар а лIы хьэлэмэтым апхуэдэ лъапIэныгъэ зэрыхуэфащэм и заКъуэкъым. Дэтхэнэ цIыхуми, и ныбжьым емыльытагъ, бгъэдэльщ ар адрейхэм езыгъэсфIэкI гуэр. Ауэ цIыху кудэ кьыпхуэгъуэтынукъым, и лъэпкъгъуэм ябгъырыбгъуэзэкIэ, абыхэм Iуплъу яхэплъагъуэ, кьыхьыхIам хупымыупщI къудамэ гъуахэр Хьэзешэ хуэдэу зыжьэхэуа.

Бейцыкlур къыщалъхуар Псыгъэнсу жыIаIэкъым. Хэку зауэшхуэм зи сабингъуэр хнубыда кудым хуэдэу, абы «гугъу уехьу укъэтэджын» жыхуаIэр сыткIи зыхищIащ. Адэрэ адэшхуэри зыщхьэщыжмытыж унагъуэр зэманкIэ цIыхубз къауркIэ къэпсэуащ. Курыт школыр кьнухуэу еджапIэхэм щыхуэдэм, и анэр зэхъуапсэр дохутыр Iэщlагъэратн, медучилищэм щэтIысхьащ. Колхоз iужьыгъэм къыдэмыхуэ анэмрэ уэ кIыхьым иубыда анэшхуэмрэ щыпIьагъукIэ, Iэщlагъэм нэхъри уэзгъуэзэныр хуэзгъэсIащ пхуэхъуныр куэдрэтэкъым. Арати, дзэм къулыкъу щрихьэкIауэ къыщцIкIуэжьым, Хьэзешэ щэтIысхьащ Томск кьалэм дэт медицинститутым. Унэм нэхъ пэгъунэгъуэм мурадкIэ, Ставрополь зыкъригъэдзыжьыну щыхуэежьэм: «Иджы ди деж фыщеджэнущ», зыжраIа студентхэм я пIэкIэ университетым щIэмытIысхьэу мыхъуну ягъэува негрхэр къащтэри, езым и гъуса щIалэхэм хуэдэ дыдэу, Хьэзешэ еджапIитIым я зэхуаку къыдэзнакIэ. Бзэ еджэгъуэ псо лейуэ имыгъэкIуэдын щхьэкIэ, ар ди университетым и «Зоотехник» къудамэм щIотIысхьэри, кьеух, зэман дэкIмэ езыр щыIэжьну медфакыр иджыри къыдэзрыдэIуамыхэм къыхэкIыу.

Ауэ дэ тфIэгъэщIэгъэнэ Хьэзешэ и гъащIэ гъуэгуанэм зыхунша IыгапIэхэракъым, - ахэр тынщу и дэфтэрхэмкI къыщыдгъэуэ. ТфIэхьэлэмэтри ущие гуэр зыхэтхыпхъэу кьытфIэщIри утыкуми пщIэми хэпабгъэу фэ зытемыт мы цIыху тынщыр гъащIэм зыхуитIуа. Абгы задэхэм зэрыдэкIуеэ Iэмалхэмрэ абыхэм кьрата гъэунэхуГъуэхэмрэщ.

Бейцыкlу Хьэзешэ и тхыгъэхэм щыщщ:

Куэдым яхуэзфIэкIыркъым къыдальхуэ фIым зрагъэуэщыну: абы щхьэкIэ упхыкIын хуейщ уэзса хьэлмэ узыдэпсэухэм къыпхуагъэув гуГъуэхэ куэдмi... Зыхуэёзыжьхуэзэф щIыхум апхуэдэхэм дже щащIэр нэгъэсауэ зэтемыухуауэ къыфIощI, нтIани, пс зыIут дэтхэнэ зымэ зезыгъэужьу щыIэр а зы гъуэгурщ. Абы укъыфIэкIмэ, уэзгъезыжуэну къанэр узыхэт щыхуэгъащ.

Зэрымыкъуаншэр зэхэкIыу, и щэр фIыкIэ Iужа нэужь, Хэкумрэ хэкуэгъуэмрэ зигу зэщагъэуа щIалэм Мэзкуу лэжьапIэ къыщцIыхьхъуэу щIидзащ. Мэжьыгъэшым хууеджауэ кьалэщхъуэм сыт хуэдэ лэжьыгъэ щыIэгъуэтынт? Аращ щхьэуэсыгъуэ хуэхъуар Бейцыкlум щIэныгъэм зыщIритам. Щыхьэрыщхъуэм щылажьэурэ, физиологиемкIэ союзэпсо институтым илъэс зыбжанэ зытекIуэда диссертацэр щIыпхигъэкIри, абы республикэм кьыгъэзжащ.

Газетым еджэм кьыкфIащыну дыхуейкIым мы хьыбгъэрыр Хьэзешэ фигу щIэдгъэгъуну хьэмэрэ абы лей кьыхьэрытехьам щхьэкIэ лIыхьъжьыкIэ кьытедгъэуэну дыхэту фхуэтIуэтэжауэ. Тхъэм и щыкурклэ, ныбжьым узыщIгъэгугъым нэхъри куэдкIэ нэхъ жьыджэр щIэныгъэлIыр унагъуэкIи лэжьыгъэкIи нобэ ешьм кьнIэжьыжа увыпIэ пIьагъэм тетщ, къуэрылъху-пхъурылъхъуэм я деж кьыщыбмынэу, абыхэм я быныжи ильъэуащ. Ди мурадыр Бейцыкlум кьытхуэIуиха и гъащIэ гъуэгуанэм хэтIыгъуэ «лъэпкъ хэхэрдымыгъэхьужу зэрымыхъужнур нэхъ Iупщу кьэдгъэпэгъуэнщ.

Совет лъэхъэнэм и ткIиныгыр унту кьэкIыжмэ, Бейцыкlум лъакъуэпэщIэдз кьыхэзрыхуащIар езы зэман гугъумрэ кьэралым и зэхэтыкIэ мыхъумыщIэмрэ и Iэужьку кьыпфIощI. Ауэ Хьэзешэ Хэкум кьыпгъэзэжу, кьыщIадгъхуа щIыналъэм и гуащIэмрэ и зэфIэкIымрэ тригъэкIуэдну щIэрыщIэу щIыхуежьам «перестройка» жыхуаIэу щытам зэрыщIидзэрэ нэхъ дзыхьбл хьуакIэт, арщхьэкIэ хьэрэмыгъэншэу и Iэнатl Iутыну зызыгъэхьэзырым и гъуэгур иджыри зэвт. «Мы фызытепсэлъыхьыр апхуэдэу цIыхуфIмэ, и гъащIэ гъуэгум апхуэдиз гуанэ щхьэ кьытеэзрыхьрэ?» - жызыIэни щIыпIэ. «Тхъэм фIыуэ ильъагъуэр егъэунэху», - аращ цIыхур дунейм кьыхэзрытехьэрэ а Iуэхум жуаупу хуагъуэтар. Хьэзешэ зыкIи нэхъ лейкъым гуэныхь пшынымыкIыпIэу дэтхэнэ зыми кьыдит Iуэхум щIэлъхьэпохэр и бгыр щIэкъуэауэ зыгъэзэхэм нэхърэ. «ЦIыхум и насыпыр жагъуэгъум иныгъкъым», - жеIэ езы щIэныгъэлIми. Сыт хуэдизуи нэр щимыгъэункIыфIыкIми, а япэ Iуплъэгъуэм узыгъэгужьей гуГъуэхьэращ цIыхур цIыху зыщIыжьыр. Аращ зыгуэрым и нэрыгъкIэ зи псэм гуэзэгъуэ телъахъэм я гум губгъэн кьыщIимынэр.

Сыт Iулъхьэ къыщIыIыумыхьыр?

Ныбжь дахэ гуэрым нэсыху цIыхум пэжу зиужьамэ, нэхъыбэ дыдэу абы дэбгъэзытынур акъыIэрэ гупсэхуэгъэрэщ. Хьэзешэ и гупсысэ жэбэхэм езым и цIыху щIыкIэр хэтIагъэрыкIыныр ди плъапIэу и Iэдакъэ кьыщIэкIа тхыгъэхэм дыхопльэк:

Бейцыкlу Хьэзешэ и тхыгъэхэм щыщщ:

ЦIыхубзр егъэджэн Iуэхур зыхуэкIуа щыткIэм егъэгугъавэ. «Iулъхьэ хах», жаIэри, егъэджакIуэхэр ягъэкъуанщэ, ауэ щыхьэкIэ ар къыщежьар нобэ-ныжьэбэкъым. Лъэпкъым и еджапIэ нэхъыкIэм къытеуэ фэр абы и лэжьакIуэхэми къафIэмыIуэху щыткъым, сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, хэти къыгуроIуэ: егъэджэныгъэращ лъэпкъ щэнхабзэми, бзэхэми, щIэр кьежьами щIалэгъуэлэр ныщIэну щыIэ Iэмалхэм я нэхъыщхьэр.

«Сыт Iулъхьэ къыщIыIыумыхьыр?» А упщIэм БейцыкIу, япэраущ, хуэхьэзырэкъым. ЕтIуанэрауэ, упщIэр езыр-езыру апхуэдэу зэрыуварым кьегъэлъагъуэ нобэрей зэхэтыкIэм Iулъхьэ хэпхын нэхърэ хьымухьынкIэ нэхъ жьыджэр щIэныгъэлIыр унагъуэкIи лэжьыгъэкIи нобэ ешьм кьнIэжьыжа увыпIэ пIьагъэм тетщ, къуэрылъху-пхъурылъхъуэм я деж кьыщыбмынэу, абыхэм я быныжи ильъэуащ. Ди мурадыр БейцыкIум кьытхуэIуиха и гъащIэ гъуэгуанэм хэтIагъуэ «лъэпкъ зэхэрдымыгъэхьужу зэрымыхъужнур нэхъ Iупщу кьэдгъэпэгъуэнщ.

Совет лъэхъэнэм и ткIиныгыр унту кьэкIыжмэ, БейцыкIум лъакъуэпэщIэдз кьыхэзрыхуащIар езы зэман гугъумрэ кьэралым и зэхэтыкIэ мыхъумыщIэмрэ и Iэужьку кьыпфIощI. Ауэ Хьэзешэ Хэкум кьыпгъэзэжу, кьыщIадгъхуа щIыналъэм и гуащIэмрэ и зэфIэкIымрэ тригъэкIуэдну щIэрыщIэу щIыхуежьам «перестройка» жыхуаIэу щытам зэрыщIидзэрэ нэхъ дзыхьбл хьуакIэт, арщхьэкIэ хьэрэмыгъэншэу и Iэнатl Iутыну зызыгъэхьэзырым и гъуэгур иджыри зэвт. «Мы фызытепсэлъыхьыр апхуэдэу цIыхуфIмэ, и гъащIэ гъуэгум апхуэдиз гуанэ щхьэ кьытеэзрыхьрэ?» - жызыIэни щIыпIэ. «Тхъэм фIыуэ ильъагъуэр егъэунэху», - аращ цIыхур дунейм кьыхэзрытехьэрэ а Iуэхум жуаупу хуагъуэтар. Хьэзешэ зыкIи нэхъ лейкъым гуэныхь пшынымыкIыпIэу дэтхэнэ зыми кьыдит Iуэхум щIэлъхьэпохэр и бгыр щIэкъуэауэ зыгъэзэхэм нэхърэ. «ЦIыхум и насыпыр жагъуэгъум иныгъкъым», - жеIэ езы щIэныгъэлIми. Сыт хуэдизуи нэр щимыгъэункIыфIыкIми, а япэ Iуплъэгъуэм узыгъэгужьей гуГъуэхьэращ цIыхур цIыху зыщIыжьыр. Араш зыгуэрым и нэрыгъкIэ зи псэм гуэзэгъуэ телъахъэм я гум губгъэн кьыщIимынэр.

Сыт Iулъхьэ къыщIыIыумыхьыр?

Ныбжь дахэ гуэрым нэсыху цIыхум пэжу зиужьамэ, нэхъыбэ дыдэу абы дэбгъэзытынур акъыIэрэ гупсэхуэгъэрэщ. Хьэзешэ и гупсысэ жэбэхэм езым и цIыху щIыкIэр хэтIагъэрыкIыныр ди плъапIэу и Iэдакъэ кьыщIэкIа тхыгъэхэм дыхопльэк:

Бейцыкlу Хьэзешэ и тхыгъэхэм щыщщ:

«Сыт Iулъхьэ къыщIыIыумыхьыр?» А упщIэм БейцыкIу, япэраущ, хуэхьэзырэкъым. ЕтIуанэрауэ, упщIэр езыр-езыру апхуэдэу зэрыуварым кьегъэлъагъуэ нобэрей зэхэтыкIэм Iулъхьэ хэпхын нэхърэ хьымухьынкIэ нэхъ жьыджэр щIэныгъэлIыр унагъуэкIи лэжьыгъэкIи нобэ ешьм кьнIэжьыжа увыпIэ пIьагъэм тетщ, къуэрылъху-пхъурылъхъуэм я деж кьыщыбмынэу, абыхэм я быныжи ильъэуащ. Ди мурадыр БейцыкIум кьытхуэIуиха и гъащIэ гъуэгуанэм хэтIагъуэ «лъэпкъ зэхэрдымыгъэхьужу зэрымыхъужнур нэхъ Iупщу кьэдгъэпэгъуэнщ.

Бейцыкlу Хьэзешэ и гукъэкIыжхэм щыщщ:

*Зы бзыпльхуГъэ гуэр лэжьапIэм нэжгуащ, кьынIухьыну кьызэрытехьэлъэр пIьагъуу пшыхуэ телъу. Медфакым щIэс и пхъур езгъаджэу аратти, кьотIысри мыр жеIэ: «Си хьыдажбзыр еджэнкIэ зэрыхуэмыхуэ сощI». «Хуэмыхуэщи, тIэкIу езгъэджэн щхьэкIэщ щIыхуэзмыгъэувыр, армыхьмэ ущIэгуэзвэни зэхуэмыхьуни абы и Iуэхум зыри хэлъкъым», - жызоIэ. АрщхьэкIэ жысIэр кьринмыдзащэу, абдеж дыдэм тхыльгуэрхэр тельти, я тьабжьмэ тхыльмпIэ ахъшэ гуэр щIеIурн, сыкIэлъыдыжрэ жэрыжжкIэ щIолыж. Хьыджэб цIыкIур кьезджэрн сеупщIащ: «Iеиуэ сыпхущIыт?» «Тхьэ, укъыхсущымыт». «Бжеслэр ди фIэщ хъун, дзыхь кьыхсуупщIынт?» «Тхьэ, пхузощIмэ». «НтIэ, уи анэм уи адэр пIэхэнэу сымаджэу кьызжиIащ, езыр егъэджакIуэу аращи, кьыхьыщхуэ щыIэкъым. Мыр уи анэм етыж, мы дызэджэм кьыбгурымыIуэн зыри хэлъкъым. Сэ сыбдэIэпыкъунщи, ущIэрыхьэжьынщ», - жызоIэ. Нобэ хуэдэм хьыдажбз щIыкIур мэкIуэжри, етIуанэ махуэм щIыхубзым пщIэнтIэпсыр кьыпIухуу къос. «КьыхсхуэпщIэнукъыми аращ уэ ахъшэр щIысIыумыхьыр», - ежьащ. «Ди анэм ятIонэрэ, кьызжимыIар ди хьэунэж. Аращи, аргуэру щIэжьыжьн и пэкIэ абы кьыщIинна тумэныр сшхауэ жыпIэ хъунущ. Зыри Iэмал хуэзгъэтакъым...



Хьэцыкlу Мадинэ Хьэлупэ Джэбрэил тыгъэ хуещI.

ХьэIупэ Джэбрэил студентхэм яIуощIэ

● Пшыхьхэр

КъКБКъУ-м и Адыгэ щэнхабзэ центрым щIэх-щIэхыурэ щызэхашэ лъэпкъ гъуэзджэм хэтхъэныгъэ хуэзыщIа, республикэм и цIыху щэджащэхэр зыхэт пшыхьхэр. Ахуэдэ зи чэзу зэхьыхьэр траухуат композитор цIэрыIуэ, усакIуэ, УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм Шостакович и цIэр зэрихьэу ит Къэрал саугъэтым и дауреат, Урысей Федерацэмэ Адыгэ Республикэмэ гъуэзджэхэмкIэ щIыхь знIэ я гъэкIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, ди республикэм и цIыхубэ артист ХьэIупэ Джэбрэил.

ПШЫХЬЫМ зыкърагъэхьэлIат композитор цIэрыIуэм и творчествэм дихьэхэу КъБКъУ-м Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ и кафедрэм и унафэщI **Тымыжь Хьэмыщэ**, адыгэбзэмкIэ кафедрэм и унафэщI **Тау Хьэзешэ**, суэрэтыщI-модельер **ХьэцыкIу Мадинэ**, «Амра» щэнхабзэ центрым и унафэщI **ЛыIзам Лидэ**, КъБР-м и радион и редактор, усакIуэ **Аброкъуэ Бэллэ**, дохутыр Iэзэ **Мэзло Эдинэ** сымэ, университетым и егъэ зыгъэгъэхуэам, и IэдакъэщIэкI тельыджкэхэр эзритхам, нэгъэщI Iуэхугъуэ куэдми яхутепсэльыхьащ ар ныбжьыщIэхэм. И макъамэхэм иригъэщIуэ, и усэхэм кьахуеджащ.

ЗэIущIэм кьрихьэлIаХэм кьыхагъэщащ ХьэIупэ Джэбрэил пщIэшхуэ зыхуащI цIыху щыпкъэу зэрыщытыр, зэчий зыбгъэдэль музыкант телъыджкэу кьызэрагъэпытэр икIи дапэкIи лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ егъэфIэкIуэным и гуащIэ хитхьхьэну зэрыщыгугъыр.

Хьэцыкlу Мадинэ композитор цIэрыIуэм тыгъэ хуищIащ бащIыныкъ екIу, студентхэр абы хуэупсащ фэ бгырыпх дахэкIэ. Саугъэтхэр лъэпкъ дамыгъэхэмкIэ гъэцIэрэщIат.

щхьэщэмыщI Изэ.

НыбжьыщIэхэм я гъуазэ

● Гъуэгу къежьапIэ

Ди гуапэ зэрыхъущи, ди щIыналъэр къудейщ ныбжьыщIэ зэчийфIэхэмкIэ. Абыхэм я зэфIэкIыр зыхуагъэпсыр я щIалэгъуэр зрагъэхъулIэн, цIыхуэхэм я дзрэжгъэр кьаIэтын кьудейрыкъым, атIэ псапащIэ Iуэхухэми хуоладжь. Ахуэдэу Налшык иджыблагъэ щекIуэкIащ «Зэчийфlэхэм я дуней-2012» псапащIэ зэпеуэр. КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэмрэ къалэ администрацэмрэ и дIэныкъуэгъуу, а Iуэху дахэр кьызэригъэнэщащ «Имидж-Элит» Iэнатlэм и унафэщI, сабий зэчийфIэхэм я щIыналъэпсо зэхьэзэхуэхэм я къэщIыгъакIуэ гупым хэт Лъыщlэж Розанэ.

ЗэIпеуэм зэгъэзгъэдэль гъуэзджэ зэфIэкIэмылIэужьыгъуэмкIэ ехьулIэныгъэхэр зыIэрызыгъэхьа, илъэси 9 - 15 ныбжьым ит сабий 200-м щIигъу. ЗэчIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ абы пашэщыхьащ ныбжьыщIэ 25-рэ. Ахэр кьыхэзыха къэщIыгъакIуэ гупым и пашэт «Ералаш» киножурналым и генеральнэ унафэщI Грачевский Борис. Абы хуабжьу игъэщIэгъащ апхуэдэ зэфIэкIлъагэ зыбгъэдэль сабий зэчийфIэ ди щIыналъэм зэрыщыкъудыр.

Къэпщытакlуэхэм ягу кьынэжьхэм ящыщщ Гъузджэхэмкlэ сабий школ №1-м и уэрэджкIакIуэ ныбжьыщIэ БалаевИслъам и утыку итыкIэр. Ар ирагъэблэгъащ щыщхьэIу маазэм Геленджик кьалэм щекIуэкIыну «Москва - Транзит - Москва» ауанымрэ гушыIэмрэ я фестиваль зэIухам. «Актер зэфIэкIлъагъ» унэтIыныгъэм щытекIуа Хьущт Аслъэн Сафронов Михаил иригъэблэгъащ езыр зи унафэщI «Галантиноу» агентствэм. Зэпеуэм пашэ щыхьэхэзэ ящыщ Гришанковэ Владэ «Москва - США» дунейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну хуит зыщI сертификаткIэ ягъэпэжащ. Псоми ягъэщIэгъащ анимацэ фильмхэр тезыхахэу Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я творчествэм зыщрагъэужь центрым и гъэзнэху Чой Ын Кварпэ Мыд Камилэрэ я лэжьыгъэ хьэлэмэтхэр, «Нальчанка» къэфакIуэ гупым хэтхэу Коваль Александрэрэ БищIо Инадрэ я къэфэкIэ екIуэр. Зэпеуэм и Гран-при саугъэтыр хуагъэфэщащ Нартан дзт школ-интернатым «Бгыхэм я макъам» и ансамблым.

Зэпеуэм хэта сабийхэм я адэ-анэхэм фIыщIэ ин хуащI апхуэдэ зэпеуэ хьэлэмэтыр кьызэзыгъэпэща псоми. Псом хуэмыдэу ахэр хуэарэзыщ ЛъыщIэж Розанэ, я сабийхэм зэрадэIэпыкъуам папщIэ, абыхэм, зэхьэзэхуэр зыхуэгъэпсауэ щыта псоми я псэр дахагъэм къызэрыхуагъэуцамкIэ. Адэ-анэхэм зэрыжаIэмкIэ, Розанэ сабийхэм яхэлъ эчийм зригъэужь къудейкъым, атIэ йолIалIэ щыкIуэхэм яхэлъ гъэсэныгъэр егъэфIэкIуэным, зызрапщыт дэтхэнэ Iуэхуми ахэр тегъэгушхуэным. НыбжьыщIэ куэдым гъуаз я яхуэхъуа а бзылъхугъэм ахэр йоIухъэжь и Iуэху дэкIыу, ди щIыпIэм ИмиджэлIи щIыгъэу схьалIэныгъэхэр и куэду, насыпыфIэу псэуну.

ТАМБИЙ Линэ.



БейцIыкIу Хьэзешэ.

БейцIыкIу Хьэзешэ теухуауэ

БейцIыкIу Хьэзешэ Хьусен и къуэр Аруан нуэфи хьыкъэ Псыгуэнсу къуажэм 1942 гъэм къыщащIыхьащ. Псыгуэнсу дэт курыт еджапIэр 1959 гъэм кьнухащ. 1962 - 1963 гъэхэм Налшык медучилищэр кьнухри, фельдшерско-акушерскэ пунктым и унафэщIу Шыгъхьэ зэхуэжэм щылэжьащ. 1963 - 1965 гъэхэм дзэм кьулыкъу щрихьэкIащ.

1966 гъэм КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетым щIэтIысхьэри, екъулIэныгъэ нIэу ар 1971 гъэм кьнухащ. 1978 гъэ пшIондэ егъэджакIуэу, мэкъумэш техникумым и Дагьыстэн кьудамэм и унафэщым и кьуэдзэу лэжьащ. 1978 - 1979 гъэхэм Куйбышев мэкъумэш щIэныгъэмкIэ институтым щылэжьащ. Калугэ областым хьыхь Боровск кьалэм дэт щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым лабораториэ нэхъыщхьэу щIэныгъэ кьэхутакIуэ нэхъыщхьэу щылэжьащ 1980 - 1984 гъэхэм.

1984 гъэм и диссертацэр пхигъэкIри, биохимиемрэ физиологиемкIэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ. А гъэ дыдэм республикэм кьнигъэзэкIри, бжьэ гъэхъунымкIэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIу ягъэуващ.

1992 гъэм КъБКъУ-м щекIуэкIа зэпеуэм нэхьыкIри, биологиемкIэ, щIэныгъэ хъунымрэ ар къэгъэсэбэныныжьу щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым и лабораториэм и унафэщI, профессорэхэм доценту лэжьэн щыщIидзащ. 2010 гъэм щегъэжьауэ зоотехникIэ кафедрэм щолажьэ. ЩIэныгъэмкIэ дунейпсо адыгэ академием и член-корреспондентщ.

БейцIыкIу Хьэзешэ и къуэ Анзорэ и унагъуэмрэ.



Хьэзешэ и къуэрылъхуэху БейцIыкIу Аминэрэ Азэмэтрэ.

Хьэзешэ и пхъум и пхъурылъхуэху Шыбзыхъуэхэ Данэрэ Сабинэрэ.

ЛъыщIэж Розанэ «Нальчанка» къэфакIуэ гупым хэтхэу Коваль Александрэрэ БищIо Инадрэ и гъусэу.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищ хъэрэ Жылагъуэ

Дызэхадыгъуэми, ипэкIэ докIуатэ

● Щапхъэ

Мы зэманым зи экономикэр нэхьыфI дыдэ Германием Урысейр зэрыльэщIыхьэфыну, нужькIэ зэрыщхьэпрыкIыфыну щIыкIэр кьыдгурагъэIуаш Урысей экономикэ школым и ректор Гурнев Сергей.

Хьилагъ зыхэль бжыгъэхэр

- Иджыблагъэ Къэрал Думэм кьыщIэпсальэу Путин Владимир жиIаш ВВП-м зэрыхэхьэу псынщIагъэмкIэ Урысейр дунейм щIапащэхэм ящыщу. Ар пэж?

- 2009 гъэм ыкъэхэ кризисым Урысейр кьыз эрыхэкIар пэжщ: ильэситI кьызэдэнэкIам дэтхэнэ гъэми хуэзэу процентплIкIэ ВВП-р хэхьуэжащ, икIи зызыкьэка къэралхэм ельытауэ дэ нэхъ псынщIэу зыкъыдоIэтыж. Ауэ абыхэм я дежкIэ 2009 гъэр зыкъомкIэ нэхъ тынщу щытащ, дэ кьыгущыщщам ельытауэ. Щхьэтечу жысIэнщи, дэ ди хэхьуэхэр нэхьыбэу зэгъыстар щIыдагъэм и уасэр зыхуэдэрэщ. ЗэкIэ ар ехуэхыркъым, КъуэкIыпIэ Гъуэгуэрым и Iуэхур зэрыкъуэнур зэIубэкъыми. Хэбгъэзыхьмэ, ди щIыдагъэм нэхъ щIэупщIэ иIэ хъуащ. АрщхьэкIэ, нэхъ жыжьэ дыпIэмэ, дэ Iуэху гугъуэхэр кьыггъэкIыжыкIыщ.

- Путиным дыкьигъэгугъащ ильэситI нэхъ дэмыкIыу ди экономикэр дунейм щIинэхьыфIкъэу тхум яхьыхьэну...

- Премьерым Iуэхур зытригъыхьар валютэм кьыщIэкIырц. Зы доллархIэ Америкэм кьыщIипхъэщхунур ди деж нэхьрэ хуэдэ 1,5-кIэ щIинэхь мащIэщ - Урысейм псэуныгъэ Iуэхуэхэр щIинэхь пудщ. Апхуэдэу Iуэхум убгъэдыхьэмэ, Урысейм и ВВП-р зэрыхъур доллар трилиони 2-кым, ар ыхьэ щанэ хуэдизкIэ нэхьыбэщ. Апхуэдэ бжыгъэхэр зэхэзылъхьэр Дунейпсо банкырщ икIи ахэращ тегъэщIапIэ ящIыр дыкъэзыгъэгубгъэкъым. А бжыгъэхэр нэхьри дахуеифынут, псэупIэм егъэщIылIа хэхьуэхэр хагъэхьаныж. Урысейм нэмыщI, дэтхэнэ къэралми хэхьуэхэм щыхагъэхьэ щIыхуэхэм я псэупIэхэр бэджэнду ятамэ, яIэрыкьэнуэхэр зыхуэдизыр. Апхуэдэм Урысейри зэрыкъуэкIуэу, ВВП-р заншIэу процент 20-кIэ дэуеинущ. Абы кьыдэкIуэуи, зи гугъу тщIы ВВП-р ильэс кьэс процент 4-5-кIэ дэкIуеифэну, Урысейр зи экономикэр дунейм щыетхуанэ хъунущ. Ауэ абы щхьэкIэ уэ нэмыщIэм нэхьрэ нэхьыфIу упсэунфынущ. Къэрал 40-м я цIыхуэхэм зыхуейкэр нэхь зэрагъэтым кьытенэжьынущ.

- Процент 6 фIэкIа щхьэщамытыкIыу ипотекэ кьащтэфыну зэрыжиIэри хьэгъэщагъэ кьэплъытэрэ?

- ИльэсиплIым кьрифыбдэу ар процентри 6-м нэсу ирагъэхъухьфынущ, инфляцэм зрымычу щытмэ. ЖыпIэнщи, ар Урысейм и

● Тхыдэ

Сыт иджыри къэс щIыщыIэр?

тхыдэ псом щынэхь мащIэщ - инфляцэр нэгъабэ зэрыхъуар процент 6 кьудейщ. Нэгъэщ Iуэхуу ухуэнысгъэ Iэнатэм мылькушхуэ зэрыщIэзэхадыгъэр. Абы и зэранкIэ псэупIэхэм я уасэхэм хэхъэнущ. Ахэр цIыхухэм кьахэущэхунукьым.

Европэр ди ныкъуэкъуэгъукъым

-Урысейр Дунейпсо сату зэгухьэныгъэм (ВТО) хьихьащ. Къэдым щэч кьытрахьэркьым а Iуэхум мэкъуэщIри, ди экономикэм и нэгъуэщI IэнатIэхэри зэритхъэлэнум.

- Ахэр щIэшынэн щыIэкъым. Урысейр а зэгухьэныгъэм хьихьащ, ешам кьигъэувахэм ятещIыхьауэ. Псальэм и хьэтыркIэ, таможнэ уасэхэр процентри 10-м кьикIынурэ процентри 8-м нэскIэ кьехынущ. Мэкъумэщ Iэнатэм и гугъу щIымэ, европэ кьэралхэм я Iэнатэм ахьшэшхуэ дыдэ щыхуаутыпщынущ. Абы Iэмал кьыдитынущ ерыскъыкъэкIэр нэхъ пуд кьэтщэхуну. АрщхьэкIэ, зэрыгурыIуэгъэщIи, абы ди кьужьдэсхэм я фейдэ хэлъкъым.

Ауэ мэкъумэш Iэнатэм Iэмалышхуэ дыдэхэр иIэщ пэжыгъэм кьыпах хьерым хагъэхьуэм и лъэныкъуэкIэ. Ар кьайхьулIэмэ, ешропейхэр дэ кьыдэнынкъуэфынукъым. Ди къэралым щIышхуэ иIэщ. ВТО-м дызэрыхьэкьар щытщ нэгъуэщI кьэрал инвесторхэм хьыбар езыгъащIэу: Урысейм ущылэжьэфынущ. НаIуэ зэрыщытщи, инвестицIэм ахьшэм и мызакъуэу, технологиеэри кьыздашэ. Абы и фIыщIэкIэ Урысейм и мэкъумэш Iэнатэм зиужьынущ.

- Мылькуэшхуэ щIэзэхадыгъуэ кьэралым уахуэнынъэм эщыщубгъуну ущыгугъыщэ хьунукьым.

- Коррупцэрщ ди гъащIэр псом хуэмыдэу зыпIахьэр. Нэгъабэ Урысейм ирагъэкIуэсIкIаш доллар мелард 85-рэ, мы гъэм и апэ мазищ кьудейм - доллар мелард 35-рэ. Бизнесым кьелыгъэ коррупцэр льэпощхьэпо бзаджэу.

Правительствэ зэйухам и лэжьакIуэ гупым и зэйущIэм абы хуэгъэзэ Iуэху зыбжанэ кьызыхалъхащ. Псальэм и хьэтыркIэ, сэ кьызэолытэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ бюрор зыми и унафэ щIэтын хуэмейуэ. АрщхьэкIэ Президентым жиIащ ар Прокуратурэ нэхьыщхьэм зэхэтын хуейуэ. ИтIани, яубзыхуэ Iэхуэхэм ящыщ гуэрхэм фIэкIа зэфIамыгъэкIыфми, коррупцэм удыныщхуэ игъэутынущ. Коррупцэм пэщIэмытыфмэ, правительствэщIэр текIын хуей хъунущ.

КОРОБИЦЫНЭ Ольгэ.
«Аргументы и факты».

1945 гъэм и ужькIэ псоми я фIэщ хьурт зэн апхуэдэ кьэмыхъужыну. Нюрнберг щекIуэкIа хьэжмыщIэм Гиттлер и пащхьэгуэ, зэрыщыту фашизмым кIэ ирита хуэдэт. НэмыщIуэхэм щаIыгъахэм, ягъэса кьуажэхэм псэуу зи щхьэр кьыдэзыхьфахэм кьалуэтэжкэм уи щхьэфэцым зрагъэIэтт. Ильэс 70 дэкIащ. Иджы Европэ кьалэхэм, нэхь тельыджэкращ, урысей кьалэхэм (!) я уэрамхэм я щхьэхэр льагъэу Iэтащэ кьыдохьэ зи Iэблэхэм свастикэ тет щыухуэр. Фашизмым и щхьэр кьIэтэужу ара? Хэт абы зи фейдэ хэлъыр?

Льагъымыхъунытгъэм и кьежьапIэр

Уи машинэм «ТекIуэныгъэ кьыгъэрытхуэфхамщхьэкIэ фIыщIэ фхудощI!» псальэхэр тептхэ кьудейкIэ Iуэхур зэфIэкIыркъым. Ныбжьыщ Iэхэр щыхъумэн хуейщ фашист гуращэхэм.

... Германием и иджырей щыхухэм Гиттлер бзаджэнаджэу щытауэ кьалъытэ. «Арльыиф хьэкIэхъуэжкIэт, - щыIэзэхэщ сэ Берлинн Мюнхенни. - Дэ доукIыт? нэмыщIэхэм Совет Союзым щIыху мелуанипщIхэр зэрыщаукIам щхьэкIэ», Ауэ, щхьэхуэу ущепсальэкIэ, «фриц» кьыз эрыгуэкIыр нэгъуэщI льэпкъым щыщ щIыхуэ щытехъущIыхь кьохъу. «Уэ журтхэр зищIысыр бощI». Тыркухэр хущIокъу ди деж мусльымэн хьэрал щаухунэу. Румынхэр дыгъуакIуэгъуэщ, фыщIакIуэхэщ. Хьэрыпхэр мардэншэу мэбагъуэ», - жаIэ. НэгъуэщI гуэрым щIегъэж: «Германиер сыту кьэралыфIу щытынут, «хамэхэр» кьэмыкIуамэ? Ахэращ ди гъащIэр зыгъэутхъуар». Нацизмыр ямыдэ хуэдэщ, арщхьэкIэ 30 гъэхэм Гиттлер властыр езытахэм я псальэхэм кьытрагъэзэж...

Хьийм икIахэр

Ещанэ рейхыр езым кьигъэхьея мафIэм хисхьэкащ ильэс 67-рэ и пэкIэ. АрщхьэкIэ абы кьыдэжъуэгурыкIуэ гупсысэхэр бзэкьижакъым.

Хэбгъэзыхьмэ, нацизмым дихьэххэр Гиттлер нэхъыбэ щохъу. Ди насыпщи, Гитлер и тельхьэхэр ди деж щынэхь мащIэщ, СС-м и ныхъэр яIыгъыу республикэхэм я уэрамхэм кьыдыхьэхэм я бжыгъэм ельытагъэ. АрщхьэкIэ абы уи гур фы ищIыркъым. Хэку зауэшхуэм ди цIыхуу мелуан 27-рэ зэрыхъэкIуэдар кьэплъытэмэ, ди къэралым их хъунукъым зы неонацисти. АрщхьэкIэ ахэр щыIэщ. Урысейм и закъуэ? 2007 гъэм Израильым (!) щаубыдащ эсэ фащэ щызыIэтэ ныжьыкIыбл. Пэжу, ахэр СССР-м икIыу Израильм Iэпхъуэжакъэм ящыщт. Сытым кьыхэкIрэ фашизмым и лей нэхъыбэ дыдэу зытехьа кьэралхэмэ Гиттлер и гупсысэкъэдихьэххэр щыIэныр? Ар щхьэусыгъуэ куэдым ельытащ.

- Псори зэльытар ныбжьыщ. Зи ныбжьыр ильэс 40 ирикъуа неонацист куэд урикъэлIа? - кьыдзэупщащ сэ, «наци № 2-м» и кьэ икIи Гиттлер кьуэ пэльытэ кьищIауэ щыта Борман Мартин- нэхъыщIэр. - Сэ апхуэдэ щIыху срихьэлIакъым. Гиттлер щIалэгъуалэр псом япэу кьызэрыдихьэхар фащэкIэщ. Дизайнер щэрыIуэ Босс Хуго кьигупсыса фащэмкIэщ, «Льыръ щIыхьрэ» псальэхэр зытетха кьамэхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ.

Фашизмым и тепльэмэ ныбжьыщIэхэр зыIэпэмэ. Концлагерхэр, газ хьэкуэхэр... XXI лъэныгъэм ахэр таурыхъ шынагъуэу фIэкIа кьащIыхъуркъым. Абыхэм я гугъэщ нализмыр зы тельыдж гуэру. Сэ сыкъыщыщIеджкIэ, яжьэIоIэ: «Ещанэ рейхыр фы фызэригугъэм хуэдэкъым. Фащэ дахэркъым Iуэхур здэщIэр, атIэ абы кьигъэщIа льагъымыхъуныгъэщI»

НэгъуэщIхэр ягъэкъуаншэ

«СССР-м фильм куэд щытрахащ зауэм теухуауэ», - жеIэ Кемницэ щыщ тхыдэтхэ Бауэр Гюнтер. - Пэжщ, абыхэм нэмыщIэр лIыхъкIыу кьыщыгъэльэгъуащ. АрщхьэкIэ - тельыджэкъаеуэ! - жыларкъэм щыщхэм яхэтщ цIыхуу Iейхэр зи щIасэхэри. ЦIыху куэд зыкIа норвег Бревйики лIыхъэжь хьужащ. Уеблэмэ цIыхубзхэм абы льагъуныгъэ пицмохэр хуатх. 90 гъэхэм фи киномрэ Голливудрэ я фIыгъэкIэ, фи цIыхухэм фашистхэр монстру кьалытэжыргъэкIыж. Иджы куэдым ящыгъупщжащ Освенцимрэ Бабий Яррэ. «Фашизм кьызэрыгуэкIи» фыльмыр зыщIэжри мащIэщ. Иджы нацистхэр ажэгъащэ кьудейуэ кьыщIрагъадэз. Инджылыз пащтыхьхьыкIэр зэхуэсым яхохьэ СС-м и фащэ щыIэныр икIи ар псоми яфIэдыхьэшхэнщ. Тыркум Гитлер и тепльэр кьыщIагъэсэбэп, дыхур рекламэ ящIын папщIэ.

«ЩIалэ Iейкъым»

Фашист хабзэм цIыху мелуан 50-м я гъащIэр зэрихьам иджы зыри игъэшынэжыркъым. Гитлер рейхсканцлер хъуащ нэмыцIэхэм я мыгъагъэ псомкIи, я зэрыкъуелйсызри зэрыслэжьапIэншэрэ хэтыжу, «хамэхэр» игъэжъуаншэрэ: **журт хьэрэмыцIохэр, урыс большевикэр, французкъы дыгъуакIуэхэр, инджылыз бзаджэнаджэхэр мыхъуамэ, фIыуэ дыпсэнут.** Иджы Европэм льэпкъ Iуэху къыщаIэтыну хуейкъым. Нэгъабэ Мароккэм икIа цIыхум Белыгием цIыщ Льеж кьалэм цIыхуих цIыщIуикIам, прессэм махуитKIэ избэщIащ лIыкIыр льэпкъкIэ зэрыхъэрыпIыр. Зэрызэхэз кьэхъунIэ шынэрт. Мис а Льежи, Берлини, Лондони хьэблэхэр щIыщ, удыхьэмэ, Алжиром е Пакистаным укъыщIыхута фIэкIа умыщIэу. Апхуэдэ хьэблэхэр Iуэрыеиджмэ щIэ хъунущ. Абыхэм щызэкIуэ хабзэхэр нэгъуэщIу. Германием щыпсэу тыркуу унагъуэхэм щIащкIэ кьохьу кьемыдэIуэж я бынхэр. Москва щэшэнхэм щызэтраукIэ езыхэм я тетым и жагъуэ зыщIаухэр. Франджым хьэрыпI ныбжьыщIэхэм щIагъэс «кхъуэ хуэхьэм» я автомашинэхэр. Германием и канцлер Меркель Ангелэ иджыблагъэ зиумысыжащ: «ФРГ-м зы щэнхабзэм тет жылагъуэ щытхуэхуэнукъым - кьэкIэхъуэхэм кьэралым зыдрагъэкIуркъым, ахэр зыхущIэкьыр зрагъэкIуар жыIэщIэ ящIынырщ. Мыпхуэдэхэм деж кьыкъуокI ущиякIуэхэр. Абыхэм щIалэгъуалэм жраIэ: «Уэ фыуэжэгъуэ Азием рэ Кавказым рэ кьикIахэр? Адольф илъагъу хъуртжьым хамэхэр. Ар щIалэ Iейтжьым, хамэхэр кьэралым иригъэкъэбзыкIыну хуейуэ арат, абы и зауэлIхэм фащэ дахэ дыди ящыгът...», «Хамэхэ - зевгъэкI» кьыхуеджэныгъэм дихьэххэр мащIэкъым. Апхуэдэхэм ящыгъупщжащ Гиттлер урысхэр цIыхухэм яхибжэу Iэрыщымытар, ахэр пщылIыпIэ иригъэувэну зэрыхущIэкьуар. Ауэ хэт иджы ар зигу кьежьыжьыр?

... Гиттлер Адольф псэужкъым, ауэ абы и гупсысэхэр ящIадакъым. Урысейм Европэм нэхъ тKIий щохьу кьэралхэм щыпсэухэмэр абыхэм Iэпхъуэхэмрэ я зэхущIыкIэхэмрэ. Араш пащхьэуэ зэхуэсым щыIэныгъэм и кьежьапIэр. Абы нахуэу икIи кьехьэкI-нехьэкI зэмылIу тепсэлыхьыкIыныгъэм и кьежьапIэр. Абы нахуэу икIи кьехьэкI-нехьэкI зэмылIу тепсэлыхьыкIыныгъэм хуейщ. Фашизмым и бий бэнэныгъэр Iуэху джэгукIым. Ещанэ рейхым текIуа кьэралым щыщ ныбжьыщIэхэм нацистхэм зыдрагъэкIуу унгу тебгъакъуэ хъунукъым.

ЗОТОВ Георгий.
«Аргументы и факты».

● Щапхъэ

Къанкъул ФатIимэ

Зэкъуэшипл Iым я шыпхъу закъуэ

Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIащи, нэхъыжьым пщIэ хуэщI, нэхъыщIэм гъуэгу ет. Гъуэгуанэ дахэ, бгъуфIэ гъащIэм щыхэщыну уящыщынгъэгугъщ зи гугъу фхуэтщыну пщащэр. Къамылыкъуэ кьуажэм дэт курыт щколым и 10-нэ классым щеджэ Къанкъул ФатIимэ и тепльэкIи, и IуэщагъкIи, еджэным хуиIэ жэуапльныгъэкIи куэдым щапхъэ яхуэхъу ныбжьыщIэщ.

СЫТ ХУЭДэ псэлъэкъым дежкIи мыхьэнэщхуэ иIэщ щIэблэ узынщэ, губзыгъэ кьыщIэхъуэным, цIыху щыпкъэ нэхьыбэу къыхэкIыным. Абы хуэмыпабгъэ зы адэ-ани егъэджакIуи щыIэу кьыщIэкIынкъым. КъызыхэкIа унагъуэм кьыхалъхьа гъэсэныгъэр, Iэдэбагъыр зыдэплъагъэу пщащэм школым ехьулIэныгъэфIэкIэ щызыIэригъэхьащ, апхуэдэуи абы щекIуэкI Iуэхугъуэхэм жыджэру хэтщ, бгъэдалъ зэчийр утыку куэдым кьрихьэу.

ФатIимэ Дзэлыкъуэ кьуейм щекIуэкIа нэхъыфI» зэпеуэм ильэситI зэкIэтыкIуэм япэ увыпIэхэр кьыщыхуагъэфэщащ, сурэт щIынымкIи пашэ щехъащ, предмет зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ олимпиадэхэм ехъулIэныгъэфIэхэр кьыщихьащ. Апхуэдэуи «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм Дахэнагъуэ и ролыр Iэзэгу зэрыщIэзэщIам папщIэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и дипломыр кьратащ. Къэбгъэльагъуэмэ, и ныбжьыр жыжьэ нэмысами, апхуэдэ щIыхь, фIыщIэ тхыпIэ куэд зэхуихьэсащ Къанкъулым. Ар сыт хуэдэ зэпеуэми щыяпэщ, жэрдэмышхуэ хэлъу зэрызыхуигъэхьзэрым, утыку итыкIэ екIуэр хуэфэщэн щIэныгъэрэ зэрыбгъэдэлъым кьыхэкIыщ. А псоми кьежьапIэ хуэхъур, дауи, кьыщIихъуа унагъуэрщ, абы илъ хабзэрщ. Арагъэнщ езы ФатIимэ и текIуэныгъэхэр кьрихьэжьэ псори гурэ псакIэ кьыдэзыIыгъ и унагъуэмрэ щIэныгъэ гъуэгум тезыша и егъэджакIуэхэмрэ я фIыгъэ кьыщIилъытэр.

«Унэм зыщыгъаси, хасэм яхьихь», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. ФатIимэ и анэшхуэ Хъэщхъэжъкъ Къэрэжан илъэс куэдкIэ егъэджакIуэу лажьащ, пщIэшхуэ кьыхущIу, и адэ Нарзан сурэтыщI Iэзэщ, и анэ Майе егъэджакIуэщ. И анэшхуэми и анэми «ЦIыхубэ егъэджэныгъэм и отличник» цIэ льапIэр зэрахьэ.

Гупсысэ убзыхуэ, IуэхущIафэ дахэ зиIэ, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ зи Iэпэгъу щIалэ жаIэщ ФатIимэ и дзэлъхуипIыр - Залым, Щамел, Тибард, Къэбардэ сымаджэ. Къэнкъул ПлIакъым лъабжьэ быдэ хуэхъуну зыщыгъуэ щIалэхэм я шыпхъу закъуэм я нэIэ тетщ, удз гъэгъа пэльытэу зухэсакъыу.

Районым, республикэм щекIуэкIа зэпеуэ зэхуэмыдэхэм пашэныгъэ хъущIыхьа пащащэм иджы Москва кIуэуэ и зэфIэкIыр игъэльэгъуэн хуейщи, дахьуэхьу и насыпэ текIуэну, Къэбардей-Балъкъэрым и щIыхьыр льагэу иIэтыну. Зэкъуэшипл Iым я набдзэ щащэ закъуэм щIэныгъэкIи, IущагъкIи, цIыху хэтыкIэкIи, насыпI ныхьэкIи псоми апэ итыну дыхуохьуахьуэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

«ТекIуэныгъэм» щытекIуахэр

Iуащхьэмахуэ куейм и Тырныауз кьалэм и картодромым «ТекIуэныгъэ» дзэ-спорт зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ. ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 67-рэ зэрырикъум теухуауэ щыта и Iуэхугъуэр кьыхэзэратэпэщащ ЕгъэджэныгъэмкIэ район Iуэхущ Iапи Iэм, ФСБ-м и Гъунапкъэхъуэмэ управленэу КъБР-м щыIэм, ДОСААФ-м и район кьудамэм, картингымкIэ кьубыым.

Iуащхьэмахуэ куейм егъэджэныгъэмкIэ и Iуэхущ Iапи Iэм и унафэщI Моллаев Суле йман кьыкъэрыджжIащи, апхуэдэ Iуэхугъуэхэм спорт лIэужьыгъуэ куэд кьыкъэщIаубыдэ, командэхэр зэкъуагъэувэ, зэпеуэхэр ирагъэфIакIуэ. А псоми кьадэкIуэу, ныбжьыщIэхэр дзэм кьулыкъу щыщIэным драгъэхъэ.

Районым и курыт еджапIэ 11-м я школакIуэхэм зэфIэкI зэмылIэужьыгъуэ куэд ягъэльэгъащ. Зэхьэзэхуэм и Iуэхугъуэр кьыхэзэратэпэщащ ЕгъэджэныгъэмкIэ районым Iуэхущ Iапи Iэм, ФСБ-м и Гъунапкъэхъуэмэ управленэу КъБР-м щыIэм, ДОСААФ-м и район кьудамэм, картингымкIэ кьубыым.

Iуащхьэмахуэ куейм егъэджэныгъэмкIэ и Iуэхущ Iапи Iэм и унафэщI Моллаев Суле йман кьыкъэрыджжIащи, апхуэдэ Iуэхугъуэхэм спорт лIэужьыгъуэ куэд кьыкъэщIаубыдэ, командэхэр зэкъуагъэувэ, зэпеуэхэр ирагъэфIакIуэ. А псоми кьадэкIуэу, ныбжьыщIэхэр дзэм кьулыкъу щыщIэным драгъэхъэ.

Районым и курыт еджапIэ №3-м и школакIуэхэр ещанэщ. Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм сагъэтхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ ираташ.

Зэпеуэм пашэ щыхьэ командэр «ТекIуэныгъэ» республикэ зэхьэзэхуэу Нашлык кьалэ щекIуэкIынум хэтынущ.

ТАРИМ Алисэ.

Ди газетым я кьыкIэлъыIуэ номерыр кьыщыдэкIынур накьыгъэм я 19-рщ.

● Франджы

Франджы къэралым зэхъуэкIыныгъэшхуэ кьыщыхъуащ. Абы щекIуэкIа президент хэхьныгъэхэм щытекIуащ социалист Олланд Франсуа. Саркози Николя кьулыкъур кьызыхуигъанэжкIи папщIэ, Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр кьыгъэсэбэпыну ущIэкIынущ. Абы папщIэ Льэпкъ фронтым и тепльэ хэхакIуэхэр зыгуагъэзэн хуейт. АрщхьэкIэ ижь льэныкъуэмкIэ кьыщихь процент бжыгъэм хуэдиз дыдэ сэмэгурабгъу льэныкъуэмкIи щыфIэкIуэдыжу кьыщIэкIащ. Арати, иджырей хэхьныгъэхэм Саркози Николя тэмэму хуэмыхьэзыру кьыщIэкIри, и кьулыкъур фIэкIуэдащ.

● Къулыкъухэр

Япэ лъэбакъуэхэр

Ставрополь лэжьэн щыщIидзащ крайм и губернаторыщIэм. ЩIэныльэм и губернатор Гаевский Валерий и пIалъэр кьэмыгу и кьулыкъум трагъэжIри, абы и пIэ ирагъэуващ УФ-м и Президентым кьыгъэльэгъуа Зеренков Валерий.

ХАБЗЭГЪУЭ зэхуэсым и зэйущIэм хэтащ депутат 50-м щыщу 45-рэ. Псори абы и тельхьэу кьыщIэкIащ. Зеренков Валерий тхьэрыIуэ итащ, накьыгъэм и 5-м. Абы и япэ унафэм ипкъ иткIэ Ставрополым и правительствэр и кьулыкъум текIащ.

Зеренков и кьулыкъум зэрыпэрысым егъэщIылIа Iуэхуэхэм хэтащ УФ-м и вице-премьер, Урысейм и Президентым и плыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Хлопонин Александр, Президентым и хьэхуэныгъэ щIэныгъэр. ПлыкIуэм губернаторыщIэм хуигъэльэгъуащ нэхъ гульытэ зыхуищIыпхъэ Iуэхуэхэр.

- Псом япэу муниципалитетхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн хуейщ. ЦIыхуэхэм куейкъым я Iэтащхьэхэр ильэс бжыгъэкIэ щамылъагъу кьэхъу, ахэр езыхэм хаха пэтми, - кьыхиГъэщхьэхуIащ Хлопонин. - Коррупцэм нэхъри зеиГъу, льэпкъэм я зэхуэцытыкIэхэр зэщIопIъэ. Зыщыдвмыгъэгъэгъупщэ щIыналъэм щыпсэухэм я процент 82-р зэрырысыр. Мыхьэнэ ин иIэщ ерджэн, лажьэн, я Iуэху дагъэкIын мурадкIэ, мыбы кьэкIуахэр я хуитыныгъэкIэ дамыкъуэзу, щIыналъэм и цIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэм гульытэ хэха хуащIынум. Иджыри зы: хабзэ псоми я дежкIэ зыуэ щытын хуейщ, дэтхэнэри зыщIыщ льэпкъым, иIыгъ кьулыкъум емыльытауэ.

Губернаторыщ Iэм кьыгъэгугъащ цIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным телэжьну.

- Дэ ди щIыналъэр кьулейщ, арщхьэкIэ абы цIыхуэр зэпэщу щыпсэурэкъым. Крайм льэпкъ куэдым ящыщхэр исщ икIи сыт щыгъуэ зыгуэрэкэр хущIокъу ахэр зэпэщIагъэувэну. Мы зэманым цIыхуэхэр арэзыкъым щIыпIэ властхэм я лажьыгъэмкIэ. Мылъку зэрызральэфапIэм теухуа кьаугъэхэр кьохьэт, загъэмэжалIэ. А псори ди гъащIэм хэгъэкIын хуейщ. Си лжьыгъэр хэхьыбэу зыкъэзэунэтIыныр цIыхуэхэм я псэукIэр зэпэщIу хъунырщ. Дэтхэнэ цIыхуми ди гульытэр льэпэсын хуейщ, - жиIащ Зеренков Валерий.

ЕМЕЛЬЯНОВЭ Светланэ.
«Российская газета».

ПIланэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Редактор нэхъыщIхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхьыщIхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхьыщIхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхьыщIхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истамп Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьжькьаэр Алик.**

КьыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбардей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещанэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхьыщIхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхьыщIхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ Iапи Iэхэм ядэлэжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресс-хэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапи Iэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэтха Iуэхугъуэхэм я пажагъымкIэ ахэр зытхахэм я пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынар и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпэщIэныгъэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъуэзагъэ и 16-м Печатым и хунтынынгъэр хьэмэнымкIэ Кьэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапи Iэм № II-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыратащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Кьаншокъуэ Элэ, редактор ЩоджэнI Iэмират, корректорхэр ЩоджэнI Инир *(1,5,6-нэ нап.)*, ЩоджэнI Заирэ *(2, 3,4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIыкIыуэгъуэ* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* Нур Саидэ, Мэлбахьэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаниэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.001 ● Заказ №1273